Chèche fè ekilib ant detant ak responsablite

Poukisa l pi bon pou w ranpli responsablite w yo anvan w pran yon ti detant?
Fich aktivite sa a ap ede w jwenn repons lan.

DETANT

RESPONSABLITE

Sab la reprezante detant w ap pran yo. Wòch yo reprezante responsablite w genyen yo oswa bagay ou dwe fè yo.

Sa w dwe konnen

Si w met yon pakèt gwo wòch nan yon bokit epi, apre sa w ajoute sab pou w fin ranpli bokit la, w ap gen ase plas pou toule de. Men, si w met sab la anvan, ou pap jwenn kote pou w met wòch yo.



www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Ki aktivite w fè anvan?

Gade foto yo, epi tcheke kare (A oswa B)
ki anba seri aktivite ki plis al avè w la.



A

☐ M se yon moun ki met “sab la” anvan.

B

☐ M se yon moun ki met “wòch yo” anvan.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Kounye a, fè sa ki ekri annapre a:

Fè yon lis tout responsablite w genyen chak semèn yo.

Fè yon lis detant ou pi renmen yo. Nan lis la, met spò ou pi renmen fè oswa w pi renmen gade.

Kounye a, fè de lis yo fè youn, e ekri yo nan lòd apati sa ki pi enpòtan pou ou yo. Apre sa, tcheke pou w wè ki sa yo ye, si se “sab” oswa “wòch”.

1		☐	☐
2		☐	☐
3		☐	☐
4		☐	☐
5		☐	☐
6		☐	☐
7		☐	☐
8		☐	☐
9		☐	☐
10		☐	☐

Èske se responsablite w genyen yo ki vin anvan nan lis la oswa èske se detant yo? Si detant ou yo vin anvan resonsablite w yo, ou ka bezwen fè kèk ajisteman yon fason pou w rive fè tout sa w gen pou w fè.

Si w met responsablite w yo anvan, w ap ka rive fè bagay ki enpòtan yo toutpandan w toujou rete tan pou w pran detant.

“Rekonèt bagay ki pi enpòtan yo.” — Filipyen 1:10.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania